



Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKLERAJ MONIMAN ISTORIK NEW YORK YO POU SELEBRE VIKTWA KOUP MLS NYCFC LA

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse y ap limen moniman yo ble jodi a, 14 desanm 2021, pou selebre New York City FC (NYCFC) ki ranpòte Koup Major League Soccer (MLS) la. NYCFC te jwe premye jwèt li an 2015, kòm ventyèm ekip ekspansyon jeneral MLS la. Se premye franchiz ki baze nan vil la, epi dezyèm nan zòn metwopolitèn New York la, apre New York Red Bulls. Depi 2015, klèb la te jwe prensipalman jwèt adomisil yo nan Yankee Stadium nan Bronx. Koup MLS 2021 an se premye koup chanpyona MLS nan istwa klèb la.

"Mwen vle felisite tout ekip la ak tout anplwaye ki sou ban touch NYCFC yo pou viktwa dramatik Koup MLS yo pandan wikenn nan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou fè fyète Vil ak Eta New York ak reyalizasyon enkwayab sa a epi nou espere Koup sa a pral premye pami anpil lòt koup ki gen pou vini."

Moniman istorik k ap limen an rekonesans ak koup NYCFC yo enkli:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Empire State Plaza

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418